

Kalangenan:

Bihari Muhit Kasakti, Kiwari Mipit Balai

Dede Kosasih*

Purwacarita

Geus bawaning ti kudrat, kangaraning manusa éstu gumulung jeung lemburna, suméndér kana alam sabudereunana.

Aworna manusa jeung lingkunganana téh tépéla lain ngan pikeun nyumponan pangabutuhna wungkul, tapi pikeun maliré jeung makihikeun éta lingkungan deuih, nu nétélakeun yén manusa téh bagian tina lingkungan (Bintarto, 1979). Pon kitu deui mun disawang tina jihat séjenna, lingkungan sabudereunana téh bagian tina dirina. Ku kamotékaranana, manusa téh diperedih sangkan milu masieup lingkunganana.

Kamampuh manusa pikeun makihikeun jeung ngaropéa lingkungan téh ngindung kana kabudayaan nu dipibandana. Malah bisa disebutkeun, manusa, kabudayaan jeung lingkungan téh éstuning gumulung, dalit lir gula jeung amisna. Mun cék Slotkin (Adimiharja, 1993) téa mah "*the organism and its environment must be suited to each other*". Jadi, tépéla hubungan silih untungkeun (*simbiosis mutualisme*) ti antara manusa jeung alam sabudereunana téh pohara perluna. Cindekna, sangkan mahluk hirup bisa tetep renggenek minangka bagian integral tina lingkunganana, tinangtu kudu bisa nyaluyukeun dirina jeung lingkunganana.

Lingkungan téh tangtu baris ngarajong kahirupan manusa enggonging nangtukeun gurat hirupna. Nurutkeun Forde (1963) patalina kagiatan manusa jeung alam sabudereunana téh dina seuhseuhanana mah tumali jeung ayana pola-pola kabudayaan nu nyampak dina diri manusa boh minangka individu boh minangka anggota masarakat.

Ari lingkungan téh lian ti ngawengku lingkungan fisik ngawengku lingkungan sosial budaya deuih. Munasabah upama manusa disawang minangka mahluk *biososiodbudaya* (Adimihardja, 1993). Ieu konsép ngandung harti yén pangaweruh manusa téh kudu bisa digunakeun pikeun ngalenyepan, maliré, jeung nyurahan lingkungan jeung pangalamana, nu engkéna baris milu mageuhan adeg-adeg tingkah paripolahna enggonging hirup gumulung jeung masarakat (Suparlan, 1980). Cék pamanggih Geertz (1973) téa mah kabudayaan téh "mekanismeu kontrol", nyaéta mékanismeu pikeun niténan paripolah manusa. Ari ku Keesing jeung Keesing (1971) mah disebutna téh "pola tingkah paripolah manusa". Cindekna, kabudayaan téh sajumlahing aturan, pituduh atawa resép tina rupa-rupa modél kognitif nu digunakeun ku manusa kalawan seléktif luyu jeung lingkunganana (Spradley, 1972). Nya ku ayana kabudayaan téa manusa diperedih sangkan mampuh ngadumaniskeun interaksi jeung sasamana katut alamna, nu ahir baring bakal ngawariskeun ajén-inajén anu gedé mangpaatna pikeun hirup jeung huripna unggal generasi.

Manusa Ngemban Pancén Budaya

Mungguh manusa téh ukur sakeprul tina rupaning kahirupan. Unggal mahluk nu kumelip di ieu alam ngabogaan kalungguhan luyu jeung sunatulloh. Manusa téh aya sasaruaanana jeung mahluk séjenna nyaéta mu'jijat kahirupan. Ngan bédana manusa mah ngabogaan kalungguhan anu kawilang onjoy nyaéta ku akal-budina. Ku akal-budina manusa téh ngemban pancén budaya dina raraga makihikeun jeung ngajaga lingkunganana tina karuksakan (Sostrosupeno, 1984).

Ngan lebah matéakeun pancén budaya téa, dina emprona aya anu patukang tonggong (kontras), utamana antara manusa nu aya di nagara maju jeung manusa nu aya di nagara mekar (*developing countries*). Nalika obyagna pangwangunan sabada revolusi industri, cék Clarence J. Glaken dina Nawiyanto (1995) nagara maju sok dipatalikeun jeung konsép nu bisa meruhkeun alam. Sedengkeun manusa nu aya di nagara mekar mindeng dipatalikeun jeung konsép nu salawasna harmonis jeung alam.

Tina dua konsép anu patukang tonggong, tangtu baé timbul pasualan lingkungan anu béda. Konsép nu bisa meruhkeun alam geus nuduhkeun ayana pasualan anu kawilang gedé, patali jeung rupaning polusi. Ngan nalika nagara maju mimiti engeuh kana katalobéhana, na-

gara mekar mah kalawan maké dalih program pangwanganan bet malikan deui kasalahan nu kungsi dipilampah ku nagara maju téa.

Nepi ka ayeuna di nagara-nagara mekar, keur meuweuh nu ngabukbak leuweung. Mindeng kasaksén kumaha rosana leuweung nu dibukbak samemena. Padahal leuweung téh kacida pentingna pikeun kahirupan sakumna mahluk nu *kumelip* di alam dunya. Leuweung téh minangka bayahna dunya, gedé pisan pangaruhna pikeun kasaimongan alam. Ruksakna leuweung alatan dibukbak ku nu sarakah, mokaha baris malindes ka diri manusia. Temahna tamiang meulit ka bitis. Manusia baris nandangan *balangsak* sabab anu ruksak téh lain ngan semet leuweung. Sawatara sumber kahirupan séjénya ogé bakal milu ruksak jeung kaganggu, saperti cai jeung hawa beresih, kaasup pangeusina baris ngarasa kaganggu.

Nurutkeun hasil panalungtikan, kaayaan leuweung nu matak pikamelangeun alatan dibukbak samemena téh méh 11,4 juta héktar/taun atawa 21,6 héktar/minit. Cenah ruksakna leuweung téh balukar tina sistim ngahuma nu pipindahan, kalindih jadi tempat keur rupa-rupa kapentingan kayaning: imah, industri leuweung, pakebonan nu lega, kaasup keur ingon-ingon (Salim, 1988). Malah kiwari keur meujeuhna ramé nu hoghag tina perkara kasus *illegal logging* di Papua. Jadi écés pisan, kakayaan alam geus dimangpaatkeun kalawan éksploratif pikeun ngudag kauntungan ékonómis saharitaeun.

Mun seug dilenyepan, satemenna Indonésia téh anu ngabogaan sumber genétika anu kawilang beunghar. Tina hiji hal baé, upamana manuk (*avifauna*) éndah, cék hasil panalungtikan Jéan Delacour taun 1947, di Pulo Jawa méh aya 337 rupa, Kalimantan aya 420 rupa, jeung Sulawesi kaasup Papua aya 220 rupa. Jadi nu aya di Indonésia baé aya 977 rupa manuk anu kungsi kapaluruhan (Kunto, 1986).

Tina saniskara manuk nu ditataan di luhur, jumlah nu sakitu téh méh aya kana ratusna malah leuwih nu kiwari ilang sirna. Malah dina warta *Kompas* 16 April 2001, Dirjén Perlindungan Hutan dan Konservasi Alam (PHKA) nétélakeun yén Indonésia téh kaasup nagara nu anu ngabogaan daptar spésies nu antri narungutan lastari nu panglobana di dunya nyaéta aya 126 rupa manuk, 63 rupa mamalia, jeung 21 rupa réptilia.

Nagara-nagara nu engeuh kana pentingna sumber genetika téa, kiwari tihothat nyalametkeun rupaning sasatoan ku rupa-rupa cara (*ibid*, 1986). Gawé bareng di tingkat internasional geus mimiti dibaladah. Di antarana nyegah jual-beuli ilégal sato anu ditangtayungan. Réngkolna aya dina "Persetujuan Washington". Ieu kasapukan téh enas-enasna mah kayid Internasional anu disatujuan ku wawakil ti 83 nagara—kaasup Indonésia—dina tanggal 6 Juni 1981. Kasapukan Washington 1981 ngabéréndélkeun rupa-rupa sato anu ditangtayungan nyaéta:

- 227 rupa *Mamalia*
- 190 rupa *Aves*
- 79 rupa *Reptilia*
- 12 rupa *Amphibia*
- 25 rupa *Pisces*
- 26 rupa *Mollusca*
- 4 rupa *Insecta*
- 1 rupa *Anthozoa*

(Tim Inskip & Sue Wells, *Internationale Handel in Wilde en Platen*, 1981)

Ngan hanjakal éta tarékah nu geus dipetakeun boh ku pihak pamaréntah boh ku LSM (nasional & internasional) téh henteu metu. Padahal kurang kumaha samaktana WWF (*World Wildlife Foundation*) ngayakeun sosialisasi pentingna nyalametkeun rupaning sato jeung manuk langka. Tarékah WWF sasatna kateug lantaran réa nu ngarempak éta aturan. Taak ku mahabuna.

Nurutkeun warta *Kompas* (28 April 2001), di Provinsi Jambi keur mahabu moro sato anu ditangtayungan. Rupaning sato nu keur diincer ku nu moro téh di antarana: maung Sumatra (*Phantera Tigris Sumatrae*), kidang (*Cervus Unicolor*), embé leuweung Sumatra (*Capricornis Sumatrensis*), gajah (*Elephas Maximus*) katut badak (*Dicerorhinus Sumatrensis*).

Mungguh matak ketir. Bet jadi ngangres ngabayangkeun bangké nu tingbarugigag bari ukur nyésakeun tulang-taléngna. Anu matak ngangres jeung tragis, singhoréng hasil boroanana téh lain keur piaraeun. Nu diarahna téh ukur "saguruntul" cula atawa tulalé atawa

kulitna. Nu maroro samemena maéhan sato nu sakuduna dimumulé pikeun ngajaga ekosistim.

Saéstuna kitu peta téh teu kudu kajadian upama ngeunteung kana naon-naon nu geus dicontokeun ku karuhun urang patali jeung padika mulasara leuweung anu kawilang harmonis. Nurutkeun keterangan Mochtar Loebis (1988), ajén-inajén budaya karuhun bangsa Indonésia baheula, apan sakitu mupusti alam sabudereunana. Cék anggapan karuhun, unggal barang, lian ti mahluk hirup téh ngabogaan jiwa atawa roh. Nya teu anéh baheula mah lamun rék nuar kai gedé basana téh henteu wasa. Teu kalis nyebut inggis lantaran sieun aya mammalana. Atuh dina kapaksana gé kudu nuar kai, nya saméméhna sok sanduk-sanduk heula ka karuhun ngaliwatan ritual. Estuning tarapti. Teu jangji gedok, teu dapon gampleng. Polah karuhun samodel kitu téh cék légérgna mah *kearifan lokal* téa.

Lingkungan nu nepi ka kiwari teu weléh harmonis tur dipupusti ku pangeusina, teu kudu ngadongkang ka nu jauh. Di urang (Sunda) ogé sakitu nampeuna, nyaéta urang Baduy (Kanékés) (Kunto, 1986).

Pernahna Kanékés téh di pagunungan sakiduleun Rangkasbitung. Anu nyaricinganana urang Baduy, urang Sunda nu masih tukuh kana talari parantina. Urang Baduy mah leuwih sukaeun kénéh disebut urang Rawayan batan Baduy, duméh caricingna deukeut lebak Rawayan. Nurutkeun kapercayaan urang Kanékés, jaman baheula waktu dunya masih kénéh éncér, aya bagian nu éncér lila-lila jadi teuas. Mimitina nu neuasan téh ngan ukur sagedé jangjang reungit, beuki lila beuki lega. Tungtungna jleg baé jadi Sasaka Pada Ageung. Ku urang luar mah disebutna téh Arca Domas.

Sabada jadi Sasaka Pada Ageung cenah nya harita gumelar tujuh batara. Aya batara nu ngagelarkeun pangeusi dunya, aya batara nu baris nurunkeun para nabi, aya batara nu baris nurunkeun para ratu, jsté.

Batara anu ngagelarkeun pangeusi dunya nyaéta Batara Cikal, lumungsur ka Marcapada di Mandala Ciparahiyang. Ti harita nya gumelar Sunda, nu ku urang ayeuna disebut Baduy téa, méméh aya Galuh, méméh aya Pajajaran jeung méméh Pucuk Umun. Kitu nurutkeun kapercayaan jeung pangakuanana urang Baduy.

Boh Sasaka Pada Ageung boh Sasaka Ciparahiyang sok disebut Sasaka Domas. Ieu tempat katut leuweungna ku nu ngagelarkeun téh cenah tuluy dititipkeun ka maranéhanana. Kudu dipiara dihadé-hadé, teu meunang digadabah sumawonna dirusak. Pikeun miarana dipageuhan ku pikukuh, anu unina:

"Kudu ngaraksa Sasaka Pusaka Buana, lojor teu meunang dipotong, pondok teu meunang disambung, geusan nyumponan ngasuh ratu ngajayak ménak, ngabaratapekeun Nusa teulu puluh Bangawan sawidak lima Panca Salawé nagara." (Garna, 1988:ii).

Éta sababna nu matak tanah Baduy ku maranéhna disebut tanah titipan. Sok sumawonna nu lian, dalah maranéhanana ogé teu meunang ngaboga-boga, lantaran geusan ngauban sakuliah dunya, disebutna gé kapan leuweung pangauban.

Apan sakitu tételá balukarna, upama Sasaka Domas atawa leuweung pangauban diruksak, puun jeung para pamingpin baris kabendon ku nu ngajadikeun bumi langit, lantaran henteu rumaksa kana barang titipan. Temahna awut-awutan, pangeusina marungkawut, dunya bakal ruksak. Ku kituna urang Baduy mah kacida satia jeung tiginna kana papancén luluhurna; sangkan ulah ngeyéhkeun kana kawajiban, hirupna teu weléh disengker ku rupa-rupa pantrangan.

Lian ti kakurung ku rupa-rupa pantrangan, urang Kanékés mah boh urang Girang boh urang Panamping kakurung ku patokan hirup anu kieu unina:

Nyokél jahé ngeduk cikur kudu mihatur. Mipit kudu amit ngala kudu ménta. Ngagedag kudu bewara. Nu salah teu meunang disebut bener. Nu bener teu meunang disebut salah. Ulah maling papanjingan. Ulah genah papasangan. Jsté.

Nya munasabah urang Baduy mah teu waranoheun kana istilah *bencana alam* (iwal lini) saperti: banjir, urug jsté. Anggapan maranéhanana mah paling aya ogé mahabuna *bencana ahlik* nu lumaku di luareun dirina lebah matéahkeun lingkungan sabudereunana alatan kasarakahanana bangsa urang kénéh.

Cindekna, rupaning paripolah nu ngaruksak alam téh tétéla réa sababna. Méh kalolobaanana dilantarankeun, kahiji ku alesan économis, lantaran dihenteu-henteu ogé éta sato téh ngabogaan ajén komérsial anu kawilang mahal, anu bisa ngadatangkeun kauntungan anu lain lumayan. Kadua, disababkeun ku "alesan psikologis", anu patali jeung kapercayaan utamana patali jeung peruntungan (hoki) sarta jadi pangbeberah batiniah nu miarana. Malah teu mustahil diakibatkeun ku alesan nu katilu nyaéta nu aya pakaitna jeung ajén-inajén sosio-kultural anu ngakar ka mangsa *bihari*. Ieu alesan nu katilu téh bisa disebutkeun rada mahiwal lantaran némbongkeun *kontinuitas* jeung *diskontinuitas historis* (Nawiyanto, 1995).

Luyu jeung puseur implengan ieu tulisan, ayeuna urang nyoba-nyoba ngungkab jeung ngobét diménsi sosiokultural ngeunaan *kalanganan* kana sato, ku cara ngabandingkeun mangsa *bihari* jeung mangsa *kiwari*. Sakalian urang kaitkeun budaya miara sato *kalanganan* jeung isu-isu lingkungan.

"Kalanganan" minangka Dimensi Sosioekultural

Nurutkeun *Kamus Umum Basa Sunda* (1980), kalanganan téh pangaresep (hobi), atawa perkara nu matak senang kana haté. Kalanganan téh asal kecapna *langen* (bs. Kawi) nu hartina karesep. Jadi, rupa-rupa pangaresep nu matak senang kana haté ilaharna sok disebut kalanganan.

Pangaresep atawa karesep téh manusiawi. Eunteupna karesep teu di hurang teu di keuyeup. Ngan nu ngabédakeun téh meureun lebah inténsitasna baé. Cacah mah sasatna teu digegedékeun jeung tara pati kacaturkeun. Ari kalangananana para ménak baheula mah mindeng katuturkeun dina carita kayaning bubujeng, patapis-tapis mentangkeun jamparing, munday, nayuban, jsté. Apan *nayuban* ogé ilaharna sok disebutna téh ibing ménak.

Lamun disalusur tepi ka puhuna budaya kalanganan téh pamianganana tina kabiasaan bubujeng. Kabiasaan *bubujeng*, utamana raket jeung kahirupan élit tradisional (pangawulaan jeung para ménak) cara moro uncal (kidang) upamana, da ari nu morona mah aya pamatang, legig jeung tukang ngilang. Nya aya ogé raja anu bubujeng ku anjeun bari némbongkeun kaparigelan boh mentangkeun jamparing boh ngalempagkeun tumbak.

Dina umumna kalanganan bubujeng, pangawulaan jeung para ménak téh biasana ningalikeun baé kumaha raména pamatang moro. Pangawulaan mah biasana ngabobotohan bari calik dina papanggungan nu geus disayagikeun ku para abdina. Kumaha tihothatna jeung laku para abdi dalem dina dadahut nyumponan pamundut pangawulaan rék bubujeng, bisa katiténan tina sempalan ieu di handap:

Juragan cutak Cipeujeuh méh aya opat poéna tara pati aya di bumi. Patali anjeunna téh keur tatahar patempatan di pamoroan. Lantaran aya surat nu ngiberan ti dayeuh, titimangsana 17 Novémber 1836, ditanda ku Tumenggung kantor, Radén Prawira Adiningrat, nu unggelna mopyoyankeun yén Kangjeng Dalem katut Kangjeng Tuan Residén Cianjur, baris ngersakeun bubujeng uncal di tegal Munjul... (Gandasari, 1948)

Atuh nu ngagambankeun yén pangawulaan jeung para ménak ngawaskeun raména nu moro bari caralik dina papanggungan baris katiténan dina guguritan Kinanti ieu di handap:

*Aya saung luhur gunung
Paranti gusti ningali
Ningali nu moro uncal
Uncal digiring ti pasir
Pamatang paheula-heula
Atra katingal ti pasir*

*Tukang **ngilang** tingcareluk
Ngahaakan anjing manting
Trongtrang kolotok disada
Pasosoré jeung haok **legig**
Ngabibira sato héwan
Malar bijil ti nu suni*

*Uncal ngejat tingjaraul
Rikat pamatang ningali
Sami ngagaredig kuda
Caringcing ngeumbing kadali
Gobang walat geus dilugas
Semprung kuda lumpat tarik*

*Kuda tegarna ngaberung
Dungus jurang teu ditolih
Ngan uncal anu ditingal
Teu lami uncal kaberik
Keplas diheumbat ku gobang
Uncal rubuh tingjumpalik*

Munasabah tina kabiasaan bubujeng téh, salian ti boroanana dikonsumsi saharitaeun, aya kalana deuih sato nu hirup atawa anakna kénéh mah sok dibawa mulang diingu minangka sato kalangenan. Sato nu diingu biasana henteu ngan sarupa tapi loba rupana, upamana kuda, manuk (perkutut), gajah, kidang, maung, biruang, munding, jsté. Sartono Kartodirdjo dina Nawiyanto (1995) nyebutkeun sato nu sok ilahar diaringu di antarana *memereng, senuk, ardawalika, gajah, kidang, garuda*.

Tina jihat séjén, aya hal nu narik turta perlu dititénan, nyaéta kanyataan anu nuduhkeun yén ku ayana budaya kalangenan, miara sato téh brasna mah minangka sistim pangaweruh. Éta sistim pangaweruh téh patali jeung cara ngagolong-golongkeun (klasifikasi) ciri fisik, warna (ules) kaasup watek sato nu diinguna, utamana kuda, munding jeung manuk (perkutut). Geura urang tataan, tina munding baé apan ngagelarkeun rupa-rupa wangu tanduk saperti *sangga dulang, leker, daplang (baplang), daringanti, dongkol* jeung *cocod*.

Malah pikeun kuda mah leuwih loba deui nu ditataan téh: lian ti watekna téh ditataan deuih warna (ules)-na kuda saperti *bopong, jangjan, daragem, gambir, dawuk, dawuk-ruyung, hideung meles, belang, sopal, napas, mégantara* jeung *béntang*.

Ari pikeun nataan watek kuda di urang sok disarebut *caturangga*. Kecap *caturangga* asalna tina kecap *turangga* (Skr.) nu hartina kuda, nyaéta nataan hadé-goréngna (watek) kuda nurutkeun kukulinciranana (Satjadibrata, 1957). Ka béhdieunakeun aya sawatara anggapan yén caturanga téh dipaké deuih pikeun mikanyaho hadé goréngna hayam adu, puyuh atawa perkutut.

Nataan caturangga biasana nyindekel kana rupaning tanda nu aya dina waruga kuda, saperti kukulinciran. Nurutkeun kapercayaan masarakat, éta tanda téh ngabogaan watek nu gedé pangaruhna ka nu nginguna. Aya sababaraha watek kuda, di antarana: a) *satria tinayungan*, b) *turub layuan*, c) *buaya ngangsar*, d) *tumpur ludes*, e) *sumur bandung*, f) *wisnu murti*, jeung g) *sekar panggung*.

Sangkan leuwih tépéla, geura urang guar perkara *satria tinayungan*. Ieu istilah asalna tina kecap *satria* jeung *tinayungan* (pinayungan). Kecap *satria* asalna tina basa Sangsakerta nu hartina jalma nu gedé wawanén sarta jujur, tara linyok tara bohong, tara cidra, nyaah ka rahayat tur daék ngaku kasalahan jsté. Ari *tinayungan* asalna tina kecap *tayung* atawa tiung nu maké rarangkén seselan-in—nu hartina ditiungan atawa ditangtayungan.

Satria tinayungan atawa *satria pinayungan* nurutkeun caturanggana nyaéta watek kuda nu hadé, mawa rahayu ka nu boga, sarta matak mulya ka nu nginguna. Ari tandana mangrupa kukulinciran dina tonggong handapeun tungtung séla beulah katuhu (Hadi, 1991, Sudaryat, 1997).

Kalangenan tina kabiasaan bubujeng, miara sato tuluy mekar jadi pangaweruh nya ahirna nyindekel kana sistim kapercayaan. Aya anggapan anu kacida dipuhitna utamana di kalangan élit tradisional, yén loba ngingu sato kalangenan téh tangtu baris gedé pangaruhna pikeun kalungguhan pangawulaan (dalem) (Nawiyanto, 1995).

Dina kahirupan sosiokultural masarakat tradisional nu *mitis-magis*, raja téh puseurna sakuliah alam (makrokosmos). Ku sabab kitu, raja satékah polah ngumpulkeun (akumulasi) saloba-lobana kasaktén diri, sangkan bisa nyumiratkeun kaagungan jeung komara ka rahayatna. Komara jeung kaagungan nu dipimilik ku raja sok dianggap sumber nu bisa ngamalirkeun kamamuran jeung karaharjaan pikeun rahayatna. Rupaning daya kasaktén téh

nyampak di alam boh natural boh alam supranatural. Salah sahijina pikeun nyangking komara jeung kaagungan téh carana kudu bisa ngumpulkeun rupaning sato kalangenan.

Lamun éta raja teu mampuh ngumpulkeun rupaning daya kasaktén téa, anggapanana baris gedé pangaruhna utamana mamala. Balukarna ancaman yén éta raja baris kasilih atawa kagésér tina kalungguhanana. Éta raja téh dianggap henteu mampuh (teu aya komara) minangka puseur makro jeung mikrokosmos nu baris ngadatangkeun kamamuran jeung karaharjaan rahayatna. Raja dianggap teu *legitimate*. Padahal nurutkeun Anderson (1991) tradisi pikiran politik Jawa (Sunda) kacida nandeskeun pentingna kamampuh museurkeun daya kasaktén. Ari cék Bakdi Sumanto dina Soesanto (1987), ieu budaya téh eunteung masarakat urang anu teu leupas tina wawasan mitis minangka warisan karuhunna, lain wawasan ontologis. Tah, museurna daya kasaktén téh aya di diri raja. Ku kituna aya anggapan yén budaya kalangenan perlu dilakonan satékah polah ku rupa-rupa cara.

Sato kalangenan dianggap sumber kasaktén. Karakteristik sato jeung watekna mindeng kapanggih dina carita-carita tradisional nu bisa ngayakinkeun ayana éta anggapan. Tah, miara sato di lingkungan karaton/karajaan, dianggap bisa népakeun karakter nu sarua ka raja. Upamana baé miara gajah anu bisa ngalambangkeun (simbul) kaagungan jeung kakuatan.

Ari simbul téh enas-enasna mah gumulungna dua hal anu dihijkeun. Nurutkeun Mircea Eliade (*Basis*, 1991) dina bukuna *Beelden en Symbolen* (1963), simbul téh ngébréhkeun bagian-bagian nu pangjerona tina kanyataan nu teu bisa kahontal ku alat séjén. Simbul téh bisa robah luyu jeung kaayaan tapi ari fungsina mah anger. Simbul, mitos jeung ritus biasana ngébréhkeun situasi manusa anu sublim.

Minangka mitos, kalangenan bisa méré arah kana laku lampah manusa, lir pituduh sangkan manusa leuwih wijaksana. Kungsi ditétélakeun ku van Peursen (1976) yén mitos téh bisa nyadarkeun manusa kana ayana kakuatan supranatural. Nya ku ngaliwatan mitos manusa dituyun pikeun ngalenyepan daya nu mampuh mangaruh jeung meruhkeun alam jeung kahirupan masarakat. Mitos téh méré jaminan ka mangsa kiwari dina harti bisa mintonkeun naon nu kungsi kaalaman baheula.

Éta mitos kalangenan miara sato téh raket jeung ngaran patempatan (toponimi) deuih anu masih kénéh bisa kapanggih nepi ka danget ieu. Upamana baé *Palimanan*, *Plumbon*, *Karapyak*, jsté. Naon sababna bet dingaranan Palimanan? Kecap *palimanan* téh tina kecap *liman* (Kawi) nu hartina gajah, dibéré rarangkén barung (konfiks) pa—an nu nuduhkeun tempat. Sabada dirarangkénan éta kecap ngandung harti tempat gajah. Kitu deui *Plumbon* di wilayah Cirebon. Asal kecapna tina lembu (sapi), dibéré rarangkén barung (konfiks) pa—an jadi *palembuan* nu sok diucapkeun jadi *plumbon* nu hartina tempat (kandang) sapi. Ari Karapyak, nurutkeun kamus, hartina kandang munding.

Ayana kayakinan nu geus nanceb dina batin kaom élit tradisional nétélakeun yén sato kalangenan téh sumber kasaktén. Malah lebah méré ngaran atawa jujuluk gé sok mindeng disaruakeun jeung kaayaan jalma. Upamana dina konsépsi masarakat Jawa, méré ngaran unggal sato ngaliwatan atribut "kyai atau Nyai" nyaéta hal anu lumbruh (Nawiyanto, 1995). Éta jujuluk téh nétélakeun yén kalungguhan sato kalangenan sajarah jeung pusaka karajaan, minangka sumber daya kasaktén pikeun raja.

Budaya Kalangenan Mangsa Kiwari

Budaya *kalangenan* ti mangsa bihari, tépéla masih kénéh kasaksén nepi ka kiwari. Anu narik, budaya kalangenan sato langka ngan kawatesanan ku kalangan birokrat jeung 'kalangan luhur' baé. *Kompas* (2 April 2001) kungsi ngawartakeun yén Gubernur DKI, Sutiyoso, miara sato anu ditangtayungan ku undang-undang nyaéta rupaning manuk jeung *orang utan* (*Pongo pygmaeus*), tepi ka sahéng dipadungdengkeun ku kalangan nu mikacinta sato langka. Lain ngan Sutiyoso wungkul, tapi masih loba kénéh 'gubernur-gubernur' séjenna kaasup para bupati nepi ka danget kiwari boga kabiasaan seperti kitu. Para pangagung, kaasup nu kakara dijenengkeun jadi pangagung nu ngurus leuweung baé kabéjakeun ngingu *siamang* (*Hylobates Syndactylus*) nu ditangtayungan ku undang-undang.

Obyagna ngingu sato kalangenan di kalangan birokrat jeung kaum "gedongan" munasabah, da éta apan aya budaya séba (upeti) ti bawahan, kaasup ihwan bisnis nu geus diuntungkeun ku éta pejabat. Sedengkeun di kaum gedongan (nonpejabat) mah raket patalina jeung kamampuh économis anu geus mapan (*establish*). Sabab nilik kana kanyataan yén harga sato kalangenan téh kacida mahalna, encan biaya miara jeung ngarawatna. Jadi, tangtu

baé ngan ngurung kalangan nu baleunghar baé nu mampuh meulina. Da keur jalma nu hirupna pas-pasan (tahap subsistensi) mah boro-boro ngurus nu karitu, pikeun nyumponan pangabutuh sapopoéna ogé karasa seuseut seuatna. Jadi nu mampuh sacara économis baé nu ngajurung kana budaya kalangenan.

Éta pamadegan téh aya benerna mun ngingetkeun yén ajén-inajén tradisional keur mimeti kaséréd ku ayana arus modérenisasi budaya, sakumaha nu ditétélakeun ku Sartono (dina Kuntowijoyo, 1987). Modérenitas budaya mawa implikasi sosial anu kacida rohakana. Nya teu anéh loba jalma nu paboro-boro néangan jeung mibanda simbul-simbul modérenitas budaya jeung indikator budaya modéren utamana di kalangan anu geus mapan sacara économi. Ku ngahontal simbul-simbul modérenitas tangtu baé bakal ngundakkeun darajat jeung préstiseu sosial.

Simbul modérenitas tadina mah barang-barang anu diproduksi ku industri modéren, saperti: barang éléktronik, mobil (tutumpakan) méwah, komputer jeung gedong sigrong jsté., kaasup titél, gelar, pangkat. Tapi nalika éta simbul geus kapimilik sacara koléktif, biasana jalma sok ngahagalkeun néangan simbul nu leuwih éksklusif. Komo mun ngabandungan talajak anu nyampak di diri manusa jaman ayeuna, jigana geus bosen ku rupa-rupa barang nu sarwa *hi-tech*. Geus jadi kudratna manusa sok tibelat hayang mulangkeun panineunganana, utamana kana ajén-inajén budaya lawas. Tah, simbul ékslusif téh nyampakna dina simbul-simbul tradisional minangka ciri bukti kaayaan nu bru di juru bro di panto (*affluence*). Éta talajak téh nurutkeun Kuntowijoyo (1987) disebut gejala rétradisionalisasi. Jadi merenah pisan mun budaya kalangenan miara sato langka téh nétélakeun ayana gejala rétradisionalisasi téa.

Romantisme ku cara mibanda simbul-simbul tradisional téh satemenna lain ngan nétélakeun yén ajén-inajén mitis-magis geus ngajiwaaan budaya masarakat kontémporér kiwari. Da gejalana ukur ngulit bawang, nu ceuk Kuntowijoyo mah apan ngan "tataran kulit muka" (*fashion*). Gejala samodél kitu téh leuwih nyoko kana aspék sosial nyaéta minangka simbul status pikeun kapentingan préstiseu. Jadi seuhseuhanana mah gejala budaya kitu téh lain hartina malikan deui alam pikiran mitis-magis, sakumaha nu kungsi hirup dina jaman bihari.

Dina ieu kontéks budaya kalangenan téh minangka konsép *diskontinuitas historis*. Ari wujudiahna, lebah aspék luarna nuduhkeun ayana sasaruaan, tapi lamun ningali nu dikandungna éstu béda. Mangsa bihari mah budaya kalangenan téh ngabogaan ma'na *mitis-magis*, ari ayeuna mah ma'nana téh leuwih dekeut kana aspék sosiologis. Sedengkeun upama ditilik tina jihat *kontinuitas historis* ieu gejala téh bisa disebutkeun gejala ngésérna fungsi budaya kalangenan nu asalna mitis-magis jadi magis-sosial.

Minangka simbul modernitas, saéstuna kalangenan miara sasatoan téh harga anu kacida mahalna pikeun préstiseu jeung status sosial. Naha? Lantaran seuhseuhanana préstiseu modél kitu téh geus narohkeun kalumangsungan sato jeung lingkunganana anu kacida gedé ajénna keur hirup-huripna manusa.

Pamungkas

Sato (fauna) téh salah sahiji komponén sistim ékologis, anu penting pikeun hirup-huripna manusa. Sato téh lain ngan ukur dipaké pikeun nyumponan pangabutuh biologis manusa baé, tapi leuwih réa paédahna. Manusa sawadina wijaksana pikeun méré kabebasan gerak ka sato nu kiwari geus mimeti nyarahcalan. Sato téh gedé pisan mangpaatna pikeun kasaimongan, kaharmonisan jeung kalumangsungan ékosistim sarta méré mangpaat sosiokultural. Dina masarakat tradisional, aya sawatara sato nu dianggap ngabogaan kakuatan minangka sumber kasaktén jeung kakuatan magis. Ku ayana konsépsi samodél kitu, sawatara sato sok dipaké pikeun mageuhan kakawasaan tradisionalna.

Kiwaru nu leuwih dominan téh ngamangpaatkeun sato pikeun kapentingan économis da puguh jamanna komérsialisasi. Tapi aya deuih sagolongan jalma anu sok ngamangpaatkeun sato pikeun kapentingan kalangenan. Ilaharna nu sok kitu téh kalangan masarakat nu geus ngahontal simbul-simbul modérenitas. Maranéhna mah tépéla mentingkeun pertimbangan sosiologis patali jeung simbul préstiseu sosial.

Ku ayana transpormasi sosial minangka berekahna tina pangwangunan tingpecenghul golongan tengah-luhur anu beuki meuweuh. Timbul wé rupa-rupa pasualan anu aya patalina jeung budaya kalangenan. Pangabutuh anu beuki ceuyah kana sato, utamana sato langka,

mangaruhun kana kalumangsungan hirup sajumlahing sasatoan. Anak incu nu bakal datang, munasabah mun kana sato téh ukur apal kana ngaranna baé. Maranéhna ukur ngadéngé *cenah* baé bari teu nyaho bungkeuleukanana. Ayeuna waé ogé loba jalma nu ngan nyaho atawa ngadéngé ngaranna, lamun seug ditanya nu kumaha manuk julang? Paling ogé ukur nyaho ngaran wanganan imah (arsitektur) Sunda nu sok disebut julang ngapak téa.

Hal samodél kitu téh kacida patojaiyahna jeung konsép masarakat tradisional, najan harita lumangsung budaya kalangenan tapi jumlahnya masih kawilang saeutik tur kawatesanan ku kalangan élit tradisional baé. Atuh leuweungna gé masih weuteuh tur ngaplak tepi ka sato téh laluasa baranahan. Lumangsungna budaya kalangenan kiwari merelukeun sikep nu wijaksana sangkan fungsionalitasna tetep maliré kalumangsungan lingkungan.

Cag!

Daptar Pustaka

- Adimihardja, Kusnaka. 1993. *Kebudayaan dan Lingkungan: Studi Bibliografi*. Ilham Jaya, Bandung.
- Anderson, Benedict RO 'G. 1991. *Gagasan tentang Kekuasaan Dalam Budaya Jawa*, dalam Miriam Budiarjo, ed. *Aneka Pemikiran Tentang Kuasa dan Wibawa*, Jakarta: Sinar Harapan.
- Bintarto, R. 1979. *Metode Analisis Geografi*. Jakarta: LP3ES.
- Daeng, Hans. *Manusia, Mitos dan Simbol*. Dina Basis edisi Januari 1991 XL No. 1 hal. 15.
- Forde, CD. 1963. *Habitat, economy and society*. New York:Dutton.
- Garna, Judistira K..1988. *Tangtu Telu Jaro Tujuh* (Desertasi). Fakulti Sains Kemasyarakatan dan Kemanusiaan. Universiti Kebangsaan Malaysia.
- Geertz, C. 1973. *The impact of the concept of culture on the concept of man*. Dalam: *The interpretation of cultures: Selected Essays*. New York: Basic Books. 126-141.
- Hadi, Ahmad. 1991. *Peperenan (Kandaga Unak-Anik, Rusiah Basa Sunda)*. Bandung. Geger Sunten CV.
- Huizinga, Johan. 1990. *Homo Ludens*. Fungsi dan Hakikat Permainan dalam Budaya (Terjemahan). Jakarta: LP3ES
- Kartodihardjo, Sartono. 1968. *Segi-Segi Kultural Historiografi Indonesia*. Lembaran Sejarah, No. 3, Yogyakarta: Seksi Penelitian Jurusan Sejarah FS UGM.
- Keesing, F.M & R.M Keesing. 1971. *New perspectives in cultural anthropology*. Chicago: Holt, Rinehart, and Winston.
- Kompas* édisi tgl. 2, 16, 28 April 2001.
- Kunto, Haryoto. 1986. *Semerbak Bunga di Bandung Raya*. Bandung: PT. Granesia.
- Kuntowijoyo. 1987. *Budaya dan Masyarakat*. Jogjakarta: PT. Tiara Wacana.
- Loebis, Mochtar. 1988. *Transformasi Budaya Untuk Masa Depan*. Jakarta: CV. Haji Masagung.
- Nawiyanto, S. *Budaya Kelangenan dan Isu Lingkungan*. Basis édisi Juli 1995 XLIV No. 7 hal 253.
- Peursen, C. van.1976. *Strategi Kebudayaan*. Diindonesiakeun ku Dick Hartoko, BPK Gunung Mulia Jakarta-Yayasan Kanisius Yogyakarta.
- Salim, Emil. 1988. *Pembangunan Berwawasan Lingkungan*. Jakarta: LP3ES.
- Sastraatmadja, R. Rg, spk. 1949. *Gandasari* (Buku Bacaan). Jakarta: J.B. Wolters
- Sastrosupeno, Supriadi. 1984. *Manusia, Alam dan Lingkungan*. Jakarta: Departemen Pendidikan dan Kebudayaan.
- Soesanto, PS. Hary. 1987. *Mitos: Menurut Pemikiran Mircea Eliade*. Yogyakarta: Kanisius.
- Spradley, J.P. 1972. *Foundations of cultural knowledge*. Dalam: *Culture and cognition. Rules, maps and plans*. San Francisco: Chandler 2-38.
- Sudaryat, Yayat. 1997. *Ulilan Semantik Sunda*. Bandung: Geger Sunten
- Sumaatajaja, Nursid. 1996. *Manusia Dalam Konteks Sosial, Budaya dan Lingkungan Hidup*. Alfabetia Bandung.
- Suparlan, Parsudi. 1980. "Manusia, Kebudayaan dan Lingkungannya Perspektif Antropologi Budaya." Dina: *Yang Tersirat dan Tersurat*. Fakultas Sastra: Universitas Indonesia.